

PWOSEDI AK POLITIK ADMINISTRATIF

SIJÈ: POLITIK ÈD FINANSYE

NIMEWO:

PWOPRIYETÈ: Biwo Prezidan an

**DAT
ANTRE AN VIGÈ: 11/2013**

**DAT
REVIZYON: 02/2021**

RANPLASMAN: 2/2020

REFERANS:

OBJEKTIF:

Lopital (Klinik la) Montefiore Mount Vernon lan genyen yon misyon pou li bay tout pasyan li yo bon jan kalite swen. Nou angaje nou pou nou sèvi tout pasyan, menm sila yo ki pa genyen asirans sante ki nan zòn kote nou ap bay sèvis la ansanm ak moun ki pa kapab peye pou tout oswa yon pati nan swen esansyèl yo benefisyè nan klinik la. Nou angaje nou pou nou trete tout pasyan yo ak konpasyon, depi bò kabann nan rive nan biwo faktirasyon an, menm nan fason nou ap touche pou sèvis la. Anplis, nou angaje nou pou nou fè yon pledwaye pou genyen plis moun New York ki jwenn asirans sante.

Klinik la angaje tèt li pou li kontinye kenbe politik èd finansye ki konfòm ak misyon li ak valè li ap defann yo epi ki konsidere mwayen yon moun genyen pou il peye pou sèvis swen ki nesèsè sou plan medikal.

DIREKTIV POLITIK LA:

Objektif politik sa a se suiv direktiv Klinik la paske li bay pasyan ki bezwen swen ijan oubyen ki bezwen swen ki nesèsè epi ki pa genyen asirans sante oubyen ki fin depanse tout sous pèyman asirans yo èd finansye. Yo bay pasyan yo wè ki pa kapab peye tout bon vre yo èd finansye, men yo pa bay moun ki pa vle peye, yo konsidere sa yo tankou move dèt. Politik la anglobe tout sèvis yo bay nan Montefiore Mount Vernon, Klinik Maladi Enfektyea (Infectious Disease Clinic) ak ACT/ICM (Pwogram Sante Mantal/Mental Health Program) yo.

1. Èd finansye a dwe disponib pou:

- Pasyan ki pa asire yo ak sa ki pa genyen ase kouvèti asirans yo ki abite nan zòn kote Klinik la ap bay sèvis primè an ki jwenn sèvis ki nesèsè sou plan medikal oubyen ki resevwa swen ijan (Al gade nan Anèks A pou Tablo Èd Finansye ak Nivo Èd Finansye yo/Attachment A for Financial Aid Chart and Levels); epi
- Pasyan yo ki abite nan zòn Klinik la ap bay sèvis primè yo ki fin depanse tout avantaj medikal yo te genyen nan swen sante ki nesèsè sou plan medikal oswa nan swen ki ijan.

- Sof pou sèvis ijan, pasyan yo dwe ap viv nan zòn Klinik la ap bay sèvis swen primè pou yon sèvis espesyal kapab kalifye kategorikman pou èd finansye. Zòn kote Klinik la ap bay sèvis swen primè a se Eta New York lan. Pasyan ki pa abite nan Eta New York ki resevwa swen ijans kalifye pou èd finansye.
 - Yo ap detèmine kalifikasyon pou èd finansye pou swen ki pa ijan yo pou moun ki pa abite nan Eta New York la sou baz konsiderasyon yon ka apre lòt epi sa ap mande pou Vis Prezidan an bay apwobasyon li. Si yo apwouve yon pasyan pou li benefisye èd finansye pa eksepsyon, yo ap sèvi ak menm kritè yo sèvi pou pasyan ki rete nan zòn sèvis swen primè a (revni brit ak kantite moun ki nan fanmi an ki lye ak nivo povrete federal la) pou yo evalye yo.
 - Entèvansyon ki pa ijan yo jije ki pa nesèsè sou plan medikal yo (pa egzanzp, chiriji estetik, tretman pou moun ki pa kapab fè pitit) pa kalifye pou èd finansye. Pasyan yo kapab jwenn yon rediksyon pou sèvis yo ap peye pou tèt pa yo ki pa sou asirans.
 - Politik èd finansye a suiv direktiv EMTALA yo.
 - Politik Èd finansye sa a sèvi tou pou sèvis ki nesèsè sou plan medikal ki pa sou asirans epi li sèvi pou frè ki pa sou asirans pou jou ki depase limit kantite jou pasyan dwe ret nan Klinik la swa pou pasyan ki kalifye swa pou pasyan ki genyen asirans Medicaid ki respekte kondisyon politik klinik la.
2. Klinik la pa limite sèvis li yo dapre jan li wè eta sante yon pasyan ye.
 3. Biwo èd finansye kote pasyan yo kapab enskri pou èd chita kò yo nan:
 - 12 North 7th Avenue Mt. Vernon, NY 10551 Main Cashiers Office: 914-361-6899, **adrès imèl la se MVFinancialAssistance@montefiore.org**.
 - 16 Guion Place, New Rochelle, NY 10801 Main Cashiers Office: 914-365-3812, **adrès imèl la se NRFFinancialAssistance@montefiore.org**.

Kopi papyè politik Èd Finansye yo, rezime Èd Finansye a, ak/oswa aplikasyon pou enskri nan Èd Finansye a disponib sou demand, gratis, nan lapòs oswa atravè imèl. Ou kapab voye demand pa imèl nan MVFinancialAssistance@montefiore.org. Ou kapab jwenn yo sou sit entènèt Klinik la nan: <http://www.montefiorehealthsystem.org/body.cfm?id=69>.

4. Pasyan ki pa asire yo ak sa ki pa genyen ase kouvèti asirans yo ki jwenn sèvis nan lokal klinik mobil ki pou klinik la kapab aplike pou èd finansye lè genyen enskripsyon nan Klinik la. Tout pasyan ki jwenn sèvis nan tout Montefiore yo kapab pase nan biwo èd finansye ki pi wo a pou yo kapab kòmanse oswa fini enskripsyon yo.
5. Yo ap deside si ou kalifye pou èd finansye a nan pwosesis planifikasyon swen an ak nan pwosesis pwogramasyon an tousuit. Konseye yo ap ede nenpòt pasyan ki bezwen èd nan ranpli fòmilè aplikasyon pou èd finansye. Klinik la p ap janm retade sèvis ijan li yo sou baz konsiderasyon finansye. Pasyan yo kapab enskri pou èd finansye a avan yo jwenn sèvis oswa aprè yo fin resevwa fakti a. Pasyan yo kapab enskri pou èd finansye tou aprè yo fin voye fakti a bay yon ajans ki ap touche. Pa genyen dèlè pou lè yon pasyan kapab mande pou li ranpli yon fòmilè èd finansye.

6. Apwobasyon èd finansye yo ap valab pandan yon ane. Yo ap evalye pasyan yo ankò pou èd finansye chak ane.
7. Yo espere pasyan yo oswa moun ki responsab sou plan finansye yo ap kolabore ak Klinik la nan enskripsyon pou asirans piblik ki disponib (pa egzanp, Medicaid, Child Health Plus, ak Qualified Health Plans (pandan peryòd enskripsyon lib lan) si yo jije yo wè yon kandida kapab kalifye anvan yo pran yon desizyon final konsènan èd finansye yo. Kalifikasyon pou èd finansye an pa depann de enskripsyon ou nan Medicaid ni yo p ap retade yon desizyon pou rete tann yon desizyon Medicaid.
8. Yo ap sèvi ak revni brit ki genyen rapò ak direktiv revni FPL yo pibliye a ki adapte ak kantite moun yon fanmi genyen pou yo kapab decide sou kalifikasyon yon pasyan pou èd finansye. Yo ap pran desizyon yo sou baz revni anyèl la sèlman. Yo p ap konsidere byen yon moun ta kapab posede.
9. Klinik la dwe verifye revni aktyèl la. Men prèv revni yo kapab asepte yo:
 - Deklarasyon chomaj
 - Lèt ki di pasyan resevwa sekirite sosyal/pansyon
 - Souch chèk/lèt verifikasyon travay
 - Lèt pou asistans
 - Lèt atestasyon ki bay espikasyon sou revni ou, sou èd ou ak/oswa sitiyasyon ekonomik aktyèl ou si pa genyen lòt prèv revni ki disponib
10. Pèsonèl finansye a ap disponib pou li bay konsiltasyon sou èd finansye. Yo ap analize epi decide san pèdi tan sou enskripsyon pou èd finansye yo nan yon dèle 30 jou ouvrab pou sèvis ki pa ijan yo. Pasyan yo genyen 30 jou pou yo konteste yon premye desizyon yo pran sou èd finansye. Pasyan yo ap resevwa desizyon sou èd finansye a atravè lapòs, avèk yon nòt ki anba lèt apwobasyon/refi a ki esplike kòman yo kapab konteste desizyon an. Yo konseye pasyan yo pou yo pa konsidere okenn fakti yo resevwa pandan trètman demand yo a ankou. Yo pa dwe voye kont pasyan ki ranpli fòmilè èd finansye yo bay konpayi ki ap touche yo pandan trètman demand yo a ankou.
11. Yo dwe voye avètisman politik èd finansye Klinik la bay ni pasyan yo ni pèsonèl la ni ajans sèvis kominotè lokal yo. Politik èd finansye Klinik la dwe disponib nan plizyè lang (Espanyòl, Pòtigè Brezilyen, Arab, Kreyòl Ayisyen, ak Italyen) pou tout moun ki ap chache kalite enfòmasyon sa yo nan lokal sa yo:
 - Biwo admisyon (Admitting offices)
 - Biwo Enskripsyon Sal Ijans (Emergency Room Registration offices)
 - <https://www.montefiorehealthsystem.org/body.cfm?id=69>
 - Atravè lapòs sou demand
 - Kontakte biwo èd finansye a nan 914-361-6899
 - Ekri yon mesaj imèl nan MVFinancialAssistance@montefiore.org.

Yo bay enfòmasyon sou èd finansye ki disponib nan:

- Tout fakti Sant la
- Yo mete afich nan antre yo ki montre pasyan yo ki kote sal èd finansye yo ye.
- <http://www.montefiorehealthsystem.org/body.cfm?id=69>
- Tankou Yon Ansanm Kesyon Ak Enfòmasyon Sou Sèvis Entèn Ki Pa Klinik Chak Ane

- Afich yo mete nan mi nan Depatman Ijans, Biwo admisyon, Faktirasyon, ak Biwo
- Medicaid ak lòt espas kote yo fè enskripsyon ak espas kote pou moun tann

Yo bay tout pèsònèl admisyon, tout pèsònèl enskripsyon, ak tout pèsònèl ajans k ap touche yo fòmasyon sou politik èd finansye Klinik la. Genyen yon sèvis entèn yo bay nan tout zòn kote ki genyen enstriksyon sou ki kote pou yo voye pasyan ki bezwen èd yo.

12. Pasyan yo kapab konteste desizyon Klinik la pran konsènan èd finansye a si yo refize yo èd finansye a oswa si yo jije yo wè yon desizyon yo pran pa anfavè yo. Pasyan ki ap konteste desizyon konsènan èd finansye a dwe bay prèv sou revni yo ak prèv sou depans yo. Pasyan yo genyen 30 jou pou yo ranpli fòmilè kontestasyon an epi yo ap enfòmasyon yo sou desizyon ki pran an atravè lapòs nan yon dèlè 30 jou aprè yo fin depoze fòmilè kontestasyon an. Selon enfòmasyon pasyan yo bay, yo kapab evalye yo pou lòt rediksyon oswa pou lòt pwolongasyon plan pèyman.
13. Yo ap ofri pasyan yo plan pèyman si yo pa anmezi pou yo fè pèyman redui yo nèt. Vèsman pa mwa an pa dwe depase 10% revni pa mwa yon pasyan. Yo ofri plan pèyman pwolonje a nan pwosesis kontestasyon an tou. Si genyen yon pasyan ki fè yon depo, yo antre li antanke yon pati nan pèyman balans èd finansye li. Klinik la pa pran enterè sou balans pasyan an.
14. Klinik la kontinye kenbe yon politik faktirasyon ak yon politik pou li touche ki apa. Ou kapab jwenn li sou sit entènèt Klinik la: <http://www.montefiorehealthsystem.org/body.cfm?id=69> oubyen ou kapab kontakte Biwo Èd Finansye a (Financial Aid Office) pou mande li yon kopi.
15. Pasyan yo ap resevwa yon avètisman 30 jou anvan yo voye nenpòt kont bay ajans k ap touche yo lè yo pa fè demand fòmilè èd finansye a oswa lè yo pa ranpli li, oswa lè yo pa fè vèsman sou yon balans èd finansye.

16. **Kritè Ajans Kòlèk Primè:**

Depi yo refere yon kont bay ajans kòlèk primè an, yo ap suiv pwosesis entèn yo a nan chache verifye si asirans Medicaid la aktif, si adrès ou pa chanje, epi si telefòn ou toujou aktif, yo ap chache verifye si ou kalifye pou swen charite ki posib si yo pa t gentan analize li ak yon pwosesis retou pa lapòs. Anplis, yo ap fè demand enfòmasyon sou kredi ou epi yo ap fè rechèch sou byen ou posede yo. Lè pwosesis sa a fini, yo ap fè travay sa yo pou yo kapab touche:

- Yo ap voye 1 rive 4 lèt ba ou pou pi piti
- Yo ap ba w 1 rive 4 apèl telefòn pou pi piti
- Yo ap voye kont pasyan ki mouri yo oswa kont pasyan ki fè fayit yo tounen pou yo kapab anile yo.
- Yo ap fèmen kont ki pou retounen atravè lapòs yo epi ki pa genyen nimewo telefòn sou yo epi yo ap voye yo bay MMC pou li kapab voye yo nan ajans segondè ki ap touche a.
- Yo ap fèmen kont ki pa aktif yo epi yo ap voye yo tounen sou 180 jou apati dat ranvwa a pou yo kapab voye yo bay ajans segondè ki ap touche a.

Kritè Ajans Kòlèk Segondè:

Depi yo voye yon kont bay ajans Segondè ki ap touche a, yo ap suiv pwosesis entèn yo a nan chache verifye si asirans ou a aktif, nan fè verifikasyon adrès ak nimewo telefòn ou, epi nan fè yon pwosesis retou pa lapòs. Anplis, yo ap fè demand enfòmasyon sou kredi ou epi yo ap fè rechèch sou byen ou posede yo. Lè pwosesis sa a fini, yo ap fè travay sa yo pou yo kapab touche:

- Yo ap voye 1 rive 4 lèt ba ou pou pi piti

- Yo ap ba w 1 rive 4 apèl telefòn pou pi piti
- Yo ap voye kont pasyan ki mouri yo oswa ki fè fayit yo tounen pou yo kapab anile yo
- Yo ap fèmen kont ki pou retounen pa lapòs yo epi ki pa genyen nimewo telefòn sou yo epi yo ap voye yo tounen nan MMC pou yo kapab anile yo.
- Yo dwe fèmen kont ki genyen 180 jou yo apati dat yo te voye yo a epi yo dwe voye yo tounen bay MMC pou li anile yo, sof si pasyan an ap peye aktivman sou yon kont oubyen genyen yon ajans ki ap pousuiv yon byen pou yo kapab peye l.

Ni ajans primè ni ajans segondè kapab negosye règleman sou responsabilite pasyan an.

17. Klinik la entèdi pou yo touche kont nenpòt pasyan ki kalifye pou Medicaid nan moman yo ap ba yo sèvis la.
18. Tout ajans ki ap touche ki afilye ak Klinik la genyen yon kopi politik èd finansye klinik la epi yo ap voye tout pasyan ki nan bezwen yo tounen bay klinik la pou yo kapab evalye yon faktirasyon epi redui li baze sou revni ànyèl ak kantite moun ki nan fanmi yo.
19. Biwo Èd Finansye a sèvi ak kritè ki genyen rapò ak politik li a, li ap voye pwòp "kliyan pa li ankachèt" nan espas admisyon yo ak nan espas enskripsyon yo pou li kapab fè si yo mete ni afich yo ni rezime yo epi pou li kapab fè si yo disponib epi pou li kapab fè si Asosye yo konnen lopital la ofri èd finansye.
20. Yo ap bay pasyan ki genyen gwo fakti pou yo peye pou kont yo a epi ki genyen asirans Medicaid ki aktyèl èd finansye konplè.
21. Yo ap bay pasyan ki pa genyen kote pou yo rete yo èd finansye konplè. Rapò anbilans kapab yon sous referans si yo fè konnen pasyan an pa genyen kay nan rapò a.
22. Yo p ap itilize sitiyoasyon pasyan an pa rapò a imigrasyon kòm yon kritè pou detèmine kalifikasyon.
23. Klinik la sèvi ak analiz previzyon pou li kapab bay èd nan sa ki konsène desizyon nan bay swen charite lè yo pa ranpli fòmilè pou èd finansye. Rezilta sa yo p ap lakoz yo jije pasyan an antanke yon moun ki pa kalifye pou èd finansye. Si pasyan an ranpli yon fòmilè pou èd finansye ak dokiman ki montre revni li pi ba pase kategori yo detèmine apati analiz previzyon an, yo ap redui sa pasyan an genyen pou li peye a ankò nan kantite ki pi ba a. Pou sit ki andirèk sou EPIC yo, yo itilize Experian. Verifikasyon Èd finansye Swen Sante Experian/Prezonpsyon Charite (Experian Healthcare Financial Assistance Screening/Presumptive Charity) sèvi ak enfòmasyon finansye ki nan rapò kredi pasyan an epi ki nan kalite espesyal li genyen pou yo kapab evalye nivo revni li epi pou yo kapab gade ki kote li genyen rapò ak Nivo Povrete Federal la pou yo kapab kalifye li pou yon pwogram swen charite nan yon lopital. Ankèt yo fè gras ak Verifikasyon Èd Finansye Swen Sante Experian (Experian Healthcare's Financial Assistance Screening) lan se enfòmasyon ki senp sèl konsomatè a kapab wè epi li pa afekte pwèn kredi li yo. Si konsomatè a genyen kesyon oswa li genyen pwoblèm ak ankèt la, yo kapab kontakte Experian Healthcare Customer Care (Swen Kliyan Swen Sante Experian) nan (763) 416-1030. Pou sit yo faktire pa mwayen gras ak American Health ware/EGLU a (ansyen sistèm nan), yo itilize Transunion. Si konsomatè yo genyen kesyon oswa yo genyen pwoblèm ak ankèt la, yo kapab kontakte Transunion Customer Care Credit nan (800)-916-8800.

24. Rapò faktirasyon Klinik la ap enfòmasyon pasyan yo sou si yo benefisye èd finansye oswa sou si yo jwenn yon rediksyon sou pèyman pèsònèl yo.
25. Klinik la pa itilize mwayen pou li touche ki estrawòdinè. Mwayen pou touche ki pa estrawòdinè nou itilize yo se:
- Sezi salè
 - Fè rapò bay ajans kredi
 - Vann tit kreyans (dèt)
26. Tout pasyan ki genyen plent kont politik èd finansye Klinik la oswa ki genyen plent kont pwosesis la kapab rele nan Liy Dirèk Pou Moun Pot Plent Konsènan Sante Depatman Eta New York la ki se 1-800- 804-5447. Enfòmasyon sa yo disponib nan lèt refi yo tou.
27. Pou moun ki pa asire oswa ki pi ba pase 100% nivo FPL la ki apwouve pou èd finansye yo, yo ap mete yon limit pou kantite pasyan an ap genyen pou li peye ki se ti kantite lajan ki sou lis pi ba a pou sèvis sa yo (Al nan Anèks A pou ou kapab wè pousantaj yo):
- Pasyan entènè – \$150/egzeyat
 - Chiriji Anbilatwa – \$150/operasyon
 - Sal Ijans pou Granmoun ak Sèvis Klinik – \$15/vizit
 - Sal Ijans Pou Fanm Ansent ak Pou Timoun ak Sèvis Sant medikal – pa genyen frè
28. Pou moun ki pa genyen asirans yo ki nan oswa ki yon nivo pi ba pase 300% nivo FPL la yo apwouve pou èd finansye yo, sa pasyan an ap genyen pou li peye a ap baze sou tarif ki chita sou revni yo limite ak kantite Medicaid oswa Medicare t ap peye pou menm sèvis la (Ale nan Anèks A pou ou kapab wè pousantaj yo).
29. Politik èd finansye Sant medikal la rive sou moun ki pa asire yo ki nan yon nivo ant 300% ak 500% nivo FPL la yo apwouve pou èd finansye a tou (Ale nan Anèks A pou ou kapab wè pousantaj yo).
30. Moun ki pa asire ki nan yon nivo pi ba pase 500% nivo FPL la ki abite nan zòn kote Lopital la ap bay sèvis swen primè a ki resevwa swen ki nesèsè sou plan medikal oswa ki jwenn swen ijans kalifye pou yon rediksyon pa koutwazi (Ale nan anèks A pou ou kapab wè pousantaj yo).
31. Nan ka kote yo pa ta kapab jistifye dokiman ou bay ki pou kore dosye ou an epi/oswa yo voye yon chèk Experian ki pa genyen enfòmasyon tounen ba ou, yo ap toujou redui frè yo rive nan kategori ki pi wo a antanke yon rediksyon pa koutwazi oswa 65% nan frè yo ak nenpòt nan pami yo de (2) ki pi piti a?
32. Sant medikal la sèvi ak metòd retwospeksyon an pou li kapab kalkile valè li faktire a an jeneral. Yo dwe kalkile pousantaj èd finansye ak kantite yo faktire yo jeneralman anvan dat 30 avril la pou chak ane sivil. Yo sèvi ni ak to kontribyab Medicare yo ni ak to kontribyab komèsyal yo lè yo ap kalkile Kantite yo Faktire Jeneralman yo (Amounts Generally Billed, AGB). Ou ap jwenn pousantaj AGB an sou demand nan nenpòt lokal kote ki genyen èd finansye. Lè yo fin detèmine si ou kalifye pou Èd Finansye a, yo pa kapab fè yon moun ki kalifye pou FAP peye pou èd finansye yon kantite ki depase valè yo faktire moun ki kalifye yo jeneralman an pou swen ijans oswa pou swen ki nesèsè sou plan medikal.

33. Yo fè yon konparezon ant % AGB a ak pousantaj kategori èd finansye a pou pasyan ki nan oswa pi ba pase nivo 100% FPL la rive nan yon nivo 500% FPL. Kantite maksimòm pou sèvis lopital yo nan dokiman A se (jiska 500% FPL la):

- Pousantaj pou vizit ED a pa dwe depase 21% kantite frè ou dwe peye lopital la.
- Pousantaj pou chiriji anbilatwa a pa dwe depase 39% kantite frè ou dwe peye lopital la.
- Pousantaj pou Vizit Klinik/Patoloji/Pasyan anbilatwa yo refere pa dwe depase 37% kantite frè ou dwe peye lopital la.
- Pousantaj pou Admisyon Pasyan ki Etèn Ann Ijans pa dwe depase 32% kantite frè ou dwe peye lopital la.

34. Lis pwofesyonèl la (ki se yon lis pwofesyonèl ki pa lis lopital yo) ki ap bay swen ki ijan ak swen ki nesèsè sou plan medikal nan lopital yo. Lis sa a montre si wi ou non pwofesyonèl yo nan asirans politik èd finansye a.) Yo kenbe lis sa a antanke yon anèks apa epi yo mete li ajou chak trimès. Pasyan yo kapab jwenn yon kopi sou sit entènèt èd finansye a nan <http://www.montefiorehealthsystemorg/body.cfm?id=69> oubyen yo kapab pase nan biwo èd finansye oswa rele biwo èd finansye a gratis pou yo kapab mande yon kopi: 12 North 7th Avenue Mt. Vernon, NY 10551 Main Cashiers Office 914-361-6899.

Tout eksepsyon nan limit pi wo yo dwe fèt sou baz konsiderasyon yon ka apre yon lòt epi sa ap mande apwobasyon Vis Prezidan Adjwen an, apwobasyon Kreyans Sèvis Sante a [Health Service Receivables]; apwobasyon Vis Prezidan an, apwobasyon Sèvis Pwofesyonèl; oswa apwobasyon Vis Prezidan an, apwobasyon Finans. Pandan Sant medikal la ap aplike politik sa a, akò prensipal li a ak sèvis li yo dwe respekte tout lòt lwa lokal, tout lòt lwa Eta a, ak tout lòt lwa Federal, ak tout lòt règ ak règleman yo kapab aplike nan kad aktivite y ap fè ki ale nan menm sans politik sa a.

Fichye A: Tablo ak Nivo Èd Finansye

2020	Kategori Revni Brit (Limit siperyè)											
	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	
Nivo Povrete Federal												
Kantite moun ki genyen nan fanmi an	100%	125%	150%	175%	185%	200%	250%	300%	400%	500%	Plis pase 500%	
1	\$12,760	\$15,950	\$19,140	\$22,330	\$23,606	\$25,520	\$31,900	\$38,280	\$51,040	\$63,800	\$63,800	
2	\$17,240	\$21,550	\$25,860	\$30,170	\$31,894	\$34,480	\$43,100	\$51,720	\$68,960	\$86,200	\$86,200	
3	\$21,720	\$27,150	\$32,580	\$38,010	\$40,182	\$43,440	\$54,300	\$65,160	\$86,880	\$108,600	\$108,600	
4	\$26,200	\$32,750	\$39,300	\$45,850	\$48,470	\$52,400	\$65,500	\$78,600	\$104,800	\$131,000	\$131,000	
5	\$30,680	\$38,350	\$46,020	\$53,690	\$56,758	\$61,360	\$76,700	\$92,040	\$122,720	\$153,400	\$153,400	
6	\$35,160	\$43,950	\$52,740	\$61,530	\$65,046	\$70,320	\$87,900	\$105,480	\$140,640	\$175,800	\$175,800	
7	\$39,640	\$49,550	\$59,460	\$69,370	\$73,334	\$79,280	\$99,100	\$118,920	\$158,560	\$198,200	\$198,200	
8	\$44,120	\$55,150	\$66,180	\$77,210	\$81,622	\$88,240	\$110,300	\$132,360	\$176,480	\$220,600	\$220,600	
Pou chak moun ki genyen anplis Ajoute.	\$4,480	\$5,600	\$6,720	\$7,840	\$8,288	\$8,960	\$11,200	\$13,440	\$17,920	\$22,400	\$22,400	

*Baze sou Direktiv Federal Nan Sa Ki Konsène Povrete yo pou ane 2020 an

Vizit nan Sal Ijans:

jiska 100% Nivo Povrete Federal — \$15 pou granmoun ak \$0 pou Fanm ansent ak Swen Medikal
Pou timoun

jiska 125% Nivo Povrete Federal — \$35

jiska 150% Nivo Povrete Federal — 45

jiska 175% Nivo Povrete Federal — \$65

jiska 185% Nivo Povrete Federal — \$110

jiska 200% Nivo Povrete Federal — \$155

jiska 250% Nivo Povrete Federal — \$180

jiska 300% Nivo Povrete Federal — \$225

jiska 500% Nivo Povrete Federal — \$700

plis pase 500% Nivo Povrete Federal — yon kantite rabè \$1500 pa koutwazi

Admisyon Pou Pasyan Ki Entène Ann Ijans:

jiska 100% Nivo Povrete Federal — \$150 pou chak pasyan yo egzeyate

jiska 125% Nivo Povrete Federal — \$300 pou chak pasyan yo egzeyate

jiska 150% Nivo Povrete Federal — \$500 pou chak pasyan yo egzeyate

jiska 175% Nivo Povrete Federal — \$2,800 pou chak pasyan yo egzeyate

jiska 185% Nivo Povrete Federal — \$4,700 pou chak pasyan yo egzeyate

jiska 200% Nivo Povrete Federal — \$6,600 pou chak pasyan yo egzeyate

jiska 250% Nivo Povrete Federal — \$7,600 pou chak pasyan yo egzeyate

jiska 300% Nivo Povrete Federal — \$9,500 pou chak pasyan yo egzeyate

jiska 300% Nivo Povrete Federal — \$11,000 pou chak pasyan yo egzeyate

plis pase 500% Nivo Povrete Federal — yon kantite rabè \$16,000 pa koutwazi pou chak pasyan yo egzeyate

Vizit medikal (pou Kote Montefiore Travay, Klinik Swen Mantal, Klinik Onkoloji, Swen pou Ren, Laboratwa ak Patoloji):

jiska 100% Nivo Povrete Federal — \$15 pou granmoun ak \$0 pou Fanm ansent ak Swen Medikal Pou timoun

jiska 125% Nivo Povrete Federal — \$20

jiska 150% Nivo Povrete Federal — \$30

jiska 175% Nivo Povrete Federal — \$45

jiska 185% Nivo Povrete Federal — \$75

jiska 200% Nivo Povrete Federal — \$105

jiska 250% Nivo Povrete Federal — \$120

jiska 300% Nivo Povrete Federal — \$150

jiska 500% Nivo Povrete Federal — \$200

plis pase 500% Nivo Povrete Federal — yon kantite rabè \$350 pa koutwazi

Pwosedri ki Nesesè sou plan Medikal – Anbilatwa (anwetan gastwomentestinal):

jiska 100% Nivo Povrete Federal — \$150 pou chak entèvansyon

jiska 125% Nivo Povrete Federal — \$300 pou chak entèvansyon

jiska 150% Nivo Povrete Federal — \$400 pou chak entèvansyon

jiska 175% Nivo Povrete Federal — \$600 pou chak entèvansyon

jiska 185% Nivo Povrete Federal — \$1000 pou chak entèvansyon

jiska 200% Nivo Povrete Federal — \$1,400 pou chak entèvansyon

jiska 250% Nivo Povrete Federal — \$1,600 pou chak entèvansyon

jiska 300% Nivo Povrete Federal — \$2,000 pou chak entèvansyon

jiska 500% Nivo Povrete Federal — \$3,500 pou chak entèvansyon

plis pase 500% Nivo Povrete Federal — yon kantite rabè \$5,000 pa koutwazi

Entèvansyon Medikal ki Nesesè - Gastwomentestinal:

jiska 100% Nivo Povrete Federal — \$100 pou chak entèvansyon

jiska 125% Nivo Povrete Federal — \$150 pou chak entèvansyon

jiska 150% Nivo Povrete Federal — \$200 pou chak entèvansyon

jiska 175% Nivo Povrete Federal — \$300 pou chak entèvansyon

jiska 185% Nivo Povrete Federal — \$500 pou chak entèvansyon

jiska 200% Nivo Povrete Federal — \$700 pou chak entèvansyon

jiska 250% Nivo Povrete Federal — \$800 pou chak entèvansyon

jiska 300% Nivo Povrete Federal — \$1,000 pou chak entèvansyon

jiska 500% Nivo Povrete Federal — \$1,800 pou chak entèvansyon

plis pase 500% Nivo Povrete Federal — yon kantite rabè \$2,500 pa koutwazi

Radvoloji - Revon X:

jiska 100% Nivo Povrete Federal — \$15

jiska 125% Nivo Povrete Federal — \$15

jiska 150% Nivo Povrete Federal — \$15

jiska 175% Nivo Povrete Federal — \$15

jiska 185% Nivo Povrete Federal — \$15

jiska 200% Nivo Povrete Federal — \$15

jiska 250% Nivo Povrete Federal — \$15

jiska 300% Nivo Povrete Federal — \$15

jiska 500% Nivo Povrete Federal — \$50

plis pase 500% Nivo Povrete Federal — rediksyon a 100% nan Pousantaj Dedomajman Blue Cross (Kwa Ble) pa Koutwazi

Radvoloji - Ekografi:

jiska 100% Nivo Povrete Federal — \$15

jiska 125% Nivo Povrete Federal — \$20

jiska 150% Nivo Povrete Federal — \$25

jiska 175% Nivo Povrete Federal — \$30

jiska 185% Nivo Povrete Federal — \$35

jiska 200% Nivo Povrete Federal — \$40

jiska 250% Nivo Povrete Federal — \$45

jiska 300% Nivo Povrete Federal — \$50

jiska 500% Nivo Povrete Federal — \$100

plis pase 500% Nivo Povrete Federal — rediksyon a 100% nan Pousantaj Dedomajman Blue Cross (Kwa Ble) pa Koutwazi

Radvoloji - Mamografi:

jiska 100% Nivo Povrete Federal — \$25

jiska 125% Nivo Povrete Federal — \$30

jiska 150% Nivo Povrete Federal — \$35

jiska 175% Nivo Povrete Federal — \$40

jiska 185% Nivo Povrete Federal — \$50

jiska 200% Nivo Povrete Federal — \$60

jiska 250% Nivo Povrete Federal — \$70

jiska 300% Nivo Povrete Federal — \$90

jiska 500% Nivo Povrete Federal — \$130

plis pase 500% Nivo Povrete Federal — rediksyon a 100% nan Pousantaj Dedomajman Blue Cross (Kwa Ble) pa Koutwazi

Radvoloji - Eskanè CAT:

jiska 100% Nivo Povrete Federal — \$40

jiska 125% Nivo Povrete Federal — \$45

jiska 150% Nivo Povrete Federal — \$50

jiska 175% Nivo Povrete Federal — \$60

jiska 185% Nivo Povrete Federal — \$75

jiska 200% Nivo Povrete Federal — \$90

jiska 250% Nivo Povrete Federal — \$105

jiska 300% Nivo Povrete Federal — \$130

jiska 500% Nivo Povrete Federal — \$250

plis pase 500% Nivo Povrete Federal — rediksyon a 100% Pousantaj Dedomajman Blue Cross (Kwa Ble) pa Koutwazi

Radyoloji - IRM

jiska 100% Nivo Povrete Federal — \$150

jiska 125% Nivo Povrete Federal — \$175

jiska 150% Nivo Povrete Federal — \$200

jiska 175% Nivo Povrete Federal — \$250

jiska 185% Nivo Povrete Federal — \$300

jiska 200% Nivo Povrete Federal — \$350

jiska 250% Nivo Povrete Federal — \$400

jiska 300% Nivo Povrete Federal — \$500

jiska 500% Nivo Povrete Federal — \$550

plis pase 500% Nivo Povrete Federal — rediksyon a 100% nan Pousantaj Dedomajman Blue Cross (Kwa Ble) pa Koutwazi

Pou to lopital ki ale jiska 500% FPL la, genyen yon konparezon ki fèt ant Kantite yo Faktire Jeneralman an ak sa ki pi piti pami de (2) yo ki sou responsablite pa pasyan an.

Tout kantite kòb ki pi wo yo anglobe frè siplemantè Eta New York la.

Ou kapab konteste tout desizyon defavorab oswa ou kapab konteste tout demand yo refize ou yo nan yon dèlè 30 aprè desizyon an.

Apwobasyon: _____ Dat: _____

Colleen Blye
Vis Prezidan Egzekitif